

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation nationale

Wolof

Tànk-ndànk

Jéego ⑥ Téere ②

Édition 2019
Réimpression 2020



Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

Li téere bi ëmb

Wurusu Maxujja 4

Tukkib Golo ak Saaw 16

Ndakaaru 28

Waame wi 42

Wurusu Maxujja



Maxujja ab baykat la bu dëkk Caameen. Dafa bëgg a am alal te du sonn, ku tàyyal la te bañ tàng. Nawet bi jegesi na te ruujagul too-lam ya. Benn bés, mu dem ba ca diggu àll ba di waxtu : «Ëy man ! Fan laay ame wurus wu bari te duma sonn? »

Ca saa sa mu dégg am riir mu ànd ak ngelaw lu bari. Mu geestu gis jinne ju rëy te raglu. Jinne ji, melokaanu nit la feeñe, yor ay nopp ak ay bët yu rëy te di tàkk. Maxujja tiit lool te jaaxle.



Maxujja di lox di seet fu muy rawale boppam.

Nees tuut, jinne ji di wax ak moom ne ko : « Maxujja, dégg naa ngay waxtu ba nga taxawee ba leegi. Wax ma loo bëgg.

- Man wurus wu bari lool laa bëgg te duma liggeey.

- Dinaa la ci jox loo bëgg waaye dina feeñ ci sa njaboot. Sa doom ju juddu dina am donju wurus wu rëy wu sax ci yaramam. Moomu màndarga, kenn du ko mën a dindi. Xalaatal bu baax ci li ma la wax. »



Jinne ji waxaat Maxujja ne ko : « Di nga bari wurus de, waaye doo am bànnex ci àddina. » Maxujja waatal ko ne moom wurus rekk la bëgg te lu mu ci góobe gar ko.

Ci noonu, jinne ji ne mes daldi réer. Maxujja waaxu ñibbi këram. Ci yoon wi, muy wax ci xelam : « Ku am wurus kay naqar dëddu na la. » Ba mu yeggee ca këram, mu fekk ca néegam aw waxande wu fees dell ak wurus. Maxujja bég lool, gaawtu denc wurus wi fu wóor. Mu toog ci kaw lalam, di xalaat dundam gu neex gu mu war a am.



Maxujja tabax kër gu rafet gu ñépp di waxtaane ca Caameen. Daldi jënd ay fasi naari góor ak géttu nag. Jëndal na ay jabaram ay yëre yu rafet. Koo ci séen baat baa ngay ray-rayi ndax wurusu ngalam wi mu takk. Ayubés bu ne mu ray nag, woote xawaare ci këram. Ku ko diis soxla ca dëkk ba, mu gântu la. Fàtte na coono bi mu nekke woon. Su nekke ca pénc ma, di won moroomam ya ne moo leen ëpp alal. Bu nekke ci mbooloo, ku wax mu jànni la.



Ba ñu toogee wenn weer, Aawo ba am ay seex. Benn seex bi am wenn donju wurus ci bëtub ndeyjoor ba. Beneen seex bi am wenn donju wurus ca ñaari bëtam yépp. Ci gàttal, kenn ki dafa patt, keneen ki silmaxa.

Ba ñu ci tegee benn ayu-bés, séet ba am doom. Xale bi judduwaale wenn donju wurus ci noppu bu nekk. Mu daldi tëx ndax nopp yu fatt. Maxujja am lu ko naqari lool. Xolam jeex tàkk te mënul faj doomam yi.



Yeneen doomam yi judduwaat yépp dañoo indiwaale donju wurus ci seen yaram. Seen baay Maxujja def na ci alal ju bari ngir faj leen. Maa-mën bu ñu ko tegtal rekk, seeti na ko, jox ko alal, waaye benn fajkat mënul a faj aajoom.

Kenn ci doom yi dafa am màndarga mu réy ci digg ginnaaw gi; mu di ko teree tédde njaaxaanaay. Jeneen doom ja donju wurus waa nga sax ca xolu tànk ba, tere koo dox. Tofo xale boobu, donju wurus waa nga ni fàñɗ ca conc la. Ba tax mënul a leem loxo càmmooñ bi. Caat mu góor ma donj waa nga ca jë ba, bëgg a muur bët ya.



Benn bés, Maxujja toog ci diggu ëttu këram, jabar yi wër ko. Ñaa-reel bi aaye di togg àttaaya ji. Baraada bi muy toggee warga wi, wurus lañu ko liggeeye. Ginnaaw ba ñu naanee lëwël bi, xaritam Badu yegsi. Waxtaan wa gën a xumb. Nees tuuti, xaleem ya fowi woon yegsi. Mu ne jàkk xool leen ak seen i màndarga, yaramam wa daw. Maxujja sëgg rangooñ ya rot ca dënn ba. Xel ma sori, muy xalaat la ko jinne ja waxoon, mu tàmbalee réccu.



Maxujja daw dellu ca àll ba. Toog ci ab jànj di jooy ba faf di yuuxu. Di boole yuuxu yi ak ay waxtu mel ni dof. Foo tollu di dégg baatam mu naan : « Wóoy ! Lor naa sama doom yi ngir alal. Toroxal naa sama njaboot gi. Ku may aw ëllëg su ma mënatul. Ñoom ñépp a laago. Su ma mënnoon a joxe sama alal ji yépp ngir sama doom yi wér dinaa ko def. Fajkat bu ne ci tund wii dem naa fa. »



Mu toog ba mu yàgg, mu dégg am riir muy génne ci biir jànj ba mu toog. Wenn rab wu rëy taxaw ci kanamam. Rab wa ne ko : « Maxujja, man la jinne ji, yërëm naa la. Lii lépp waxoon naa la ko, nga jiital sa bëgg-bëgg. Dellul sa kër, dinaa la dimbali. Say doom yépp dinaa leen teggil seen nattu bi nekk ci ñoom. Ñi silmaxa, dinaa leeral seen i bët. Ñi mënul a dox, dinaa leen delloo seen i cër. Waaye nag, Maxujja, dinaa jëlaat sa wurus wi yépp. »



Maxujja dellu këram, fekk doomam yépp wér. Waaye amatul wenn peppu wurus. Xale yépp, dellu ci seen sago. Ñu bari doole ak kàttan. Ci noonu, Maxujja ne leen : « Nanu dellu ca tool ya liggeeyi. »

Taw bi bari, tooli Maxujja yépp naat. Ba nawet ba wàccee, Maxujja ak doomam yi góob dugub ju bari. Mu joxe ci asaka, dundal ci njabootam ba mu des. Maxujja xam ne alalu doomu aadama mooy wér-gu-yaram.

Laaj yi

- 1 Maxujja lu mu gis ca àll ba ?
- 2 Luy wone ne Maxujja leegi boroom alal la ?
- 3 Lan moo waral doomi Maxujja yépp laago ?
- 4 Ndax yaakaar nga ni alal ju bari kese mooy joxe bànnex ci àddina ?

Tukki Golo ak Saaw



Tukki Golo ak Saaw



Benn bés, Golo ak Saaw dañoo war a tukki ñoom ñaar. Ñu yeewu fajar ba ginaar yi sabee, ndékkee seen cere ba suur. Kenn ku nekk jël say cummikaay tegu ci yoon wi. Ñu dajee ci selebe-yoon wi daldi nuyoonte. Ci lañu jàmmasante. Ku nekk wax sa moroom turam.

Golo, ci jikko caay-caayam ji, wax ko ni Gan gi la tudd. Saaw moom, dafa wax Golo turam dëgg. Ci noonu la ñaari xarit yu bees yi ànd jëm dëkk bu ñu naan Daj-dëpp.

Ñoom ñaar ñépp bég, ku nekk jàpp ni am na àndadoo bu ko wéttali ci yoon wi.



Ñaari xarit yi ànd di dox, di dem Daj-dëpp. Ci yoon wi, ñu lal waxtaan wu neex. Kenn ku ci nekk di nettali sa moroom dundam. Ci yoon wi, romb nañu ay dëkk yu bari. Ba ñu rombee dëkk bu jëkk ba, ñu gis déeg bu rëy, ay xale di ca sóobu. Ba ñu rombee dëkk booba, ñu jot ab gott bu mag. Xeetu garab yu bari ñu ngi foofu : dimb, guy, soto, ngéejaan, ak ñoom seen. Ba ñu yegsee Daj-dëpp, ñu gis nag yi màngi woon di dellu ca gétt ga, sàmm bi jiital leen. Waxtu woowu la jant bi di so. Xale ya fowi woon delluwaat ci biir dëkk ba, di dàqante ak mbote yi. Jigeen ña demoon taxani, dellusi ak seen sayi matt.



Ba ñu yegsee Daj-dëpp ak seen coono, boroom dëkk baa leen teeru. Mu jox leen ay néeg. Ba ñu noppaloo ab diir, taawu boroom dëkk ba indil leen boolu ceeb bu ànd ak ndawal. Mu taaj ko ci digg néeg bi ne leen : « Boroom dëkk bi moo leen yónnee teraanga jii yeen gan ñi. » Saaw ne gees bëgg a sóob loxoom. Golo sempi loxo ba, ne ko : « Ceeb bii moomuloo ko sama waa ji. Nee na gan gi moo ko moom. Xéyna boroom dëkk bi dafa laa fàtte. » Golo lekk lépp ba seeñu yax ya, bàyyi xaritam bi mu fande.



Saaw tēdd noonu ak biir bu deful dara. Ci diggu guddi gi, la ko xiif yee. Mu jóg sol yérey Golo dem ca tool ya ca ginnaaw kër ya. Saaw lekk ñàmbi ja ak ñebbe ja ba kollam fees. Mu daldi yoot ndànk, ñëw tēdda. Ba ñu xéyee ci suba, waa dëkk bi seetlu ne ruur nañu seen tool yi. Ñu mer, gàddu ay yet, wutalsi gan ñi, di yuuxu naan : «Gan ñu bon ñii ñoo yàq sunuy tool.»

Golo tēb ci ay nelewam ak tiitaangeem. Mu tàpp xaritam Saaw, mu ne bëret yeewu. Ñoom ñépp fëx, gén nées ba.



Golo laaj xaritam lu xew. Saaw ne ko : « Waa dëkk bi ñoo mer, nee nañu gan gi moo yàq seen tool yi biig. Demal wax ak ñoom ndax yaw yaa tudd Gan gi. »


Ba Golo génnee néeg bi, ñu gis yéreem yi taq. Waa dëkk bi yépp mànkoo ni seen sàcc mooy Golo. Ñu laaj xaritam Saaw lu ñu war a def Golo. Saaw tontu leen ne ñu dóor ko ay yet.

Waaye Golo ni leen : « Joxleen nu nu naan lu nu wacculoo, bu boobaa, dingeen xam dëgg gi. » Saaw ne : « Loolu lépp jaru ko, Golo saay-saay bi moo ruur tool yi. »

Boroom dëkk bi ne leen : « Nanu def li Golo wax ndax dëgg gi feeñ. »



Boroom dëkk bi yónni caat ma, mu indil ko ndoxu senjen. Golo moo jëkk a guux, waccu, ay peppi ceeb rot. Saaw naan ca ndox ma, génne ay ñàmbi ak ñebbe. Waa dëkk ba yuuxoo, ni sàcc baa ngii. Ñu wëlbatiku laaj Golo lu ñu war a def Saaw. Golo ne leen ñu dóor ko téemeeri yar. Waa dëkk bi dóor Saaw ba yaram wi yépp di nàcc. Ba ñu noppee, ñu génne leen ñoom ñaar ñépp dëkk ba. Ca lañu gàddoo seen cummi-kaay, yemale fa ngan ga.



Saaw moo jëkk a génn dëkk bi ànd ak meram. Muy xalaat naka lay def ba feyu gâce ak mettiti wi ko Golo teg. Yàggul dara rekk, mu daje ak benn jibar.

Saaw ni ko : « Am na genn golo guy ñëw ci ginnaaw, wàññil ko geenam gi, sonal na ko. »

Ba Golo yegsee, jibar bi bocci paakaam, dal ci kawam.

Golo tiit, ni ko : « Lu xew ? »

- Jenn waay ju fi romb leegi moo ma ni ma wàññil la sa geen gi, dafa laa sonal.

- Waxul dëgg, sama noon la. »

Golo weddi na ba sonn, waaye terewul jibar bi dog geenam ga.

Ci la Golo teguwaate ci yoon wi ak geenam gu **këtt**.



Ngir mën a fayu, Golo gaawtu jiituwaaat xaritam. Mu dajee ak ay xale yuy dem di rëbbi ca àll ba. Mu ne leen : « Sama benn tëgg mu ngi ñëw sama ginnaaw, mu ngi boot ay fitt, may naa leen ko. »

Ba Saaw yegsee, xale yi woo ko : « Ee ! Kaay fii.

- Lu xew ?

- Sa njaatige bi fi romb leegi moo ñu may fitt yi nga yor. »


Saaw weddi ba sonn ne lii du fitt. Xamal na leen ni lii ci yaramam la bokk, waaye xale yi bañ koo déglu.

Xale yi sëggal ko, dóor ko ba mu tàlli, ñu rocci dég yu gudd yi nekk ci yaram wi yépp. Saaw ni dunj ak yaramu neenam.



Ba Saaw fexee ba rëcc ci xale yi, ci la dawee ba rombaat Golo. Mu tase ak ay rëbbkat. Mu ne leen : « Rëbbkat yi, am na genn Golo guy ñëw sama ginnaaw. Mën ngeen ko xàmme ci lu yomb. Geen ga dafa këtt. Fexeleen ba bu mu leen rëcc. »

Rëbbkat yi daldi làqatu ci gajj gi. Nees tuut, Golo egisi. Rëbbkat yi song ko, dóor ko yet mu daanu. Ñu fekk ko fa, rey ko. Rëbbkat yi fees ko, jël yàpp wa dugal ko ci seen gafaka.



Bi rëbbkat yi di song Golo, Saaw moo ngi làqatu woon ci gàjj gi di seetaan. Bi ñu ko loree la génn ak mbégteem. Saaw tàmbali di fecc, jàpp ni feyu na. Ndekete yoo am na ay bukki, yu nekkoon ca wet ga di ko rëbb moom itam. Bukki yi dal ci kawam, song ko, màtt. Saaw amatul woon genn dég ci yaramam gu mu aaree boppam. Bukki ya sotoo ko, gaañ yaram wépp mu loru. Ñu lekk ko, ba seeñu yax ya. Ca cëppaandaw ga, ñaari àndandoo yépp a mujj a dee. Li dal Saaw ak Golo moo tax wolof njaay di wax ne : « Yéene néeg la, boroom a cay fanaan. »

Laaj yi

- 1 Ñan ñoo ànd jëm Daj-dëpp ?
- 2 Lu waral Golo lekk bàyyi àndandoom bi ?
- 3 Lu waral Saaw sol yérey Golo ba muy dem ca tool ba ?
- 4 Noo gisee xaritoo Golo ak Saaw ?

Ndakaaru



Ndakaaru




Ñaari at a ngi nii Duudu ak Nogay di bindante ak seen i xarit Eduwaar ak Misel.

Benn bés, bi ñu duggee ci **bër** gu mag gi, Aali faktëer bi indil leen ab bataaxal. Xale yi dem fekki seen yaay, jàng bataaxal bi ci kanamam. **Solos** bataaxal bi neex na lool. Ñoom Misel dañu leen di **përye** ci ñëw seen kër Ndakaaru diirub bër gépp. Gune yi musuñoo teg seen tànk ca **péyu réew mi**. Looloo tax ñu bég lool.

Ba leen seen yaay déglò ba noppi mu ne leen na ñu ci waxtaan ak seen pàppa.

Ba Baay Ablaay jógee jàkka ja, xale yi dem yegge ko xibaar bi. Mu rafetlu ko, ne leen ñu may ko mu waxtaan ci ak seen yaay.

Xale yi amatuñu jàmm. Lu seen waajur yi di dogal ? Bu dee déet, nan la ko seen xarit yi di gise ? Nu ñu nar a muñe ñàkk a dem Ndakaaru ?



Tey tàngoore wu mettee am ci tund wi. Yenn ci picc yi sax dañuy miir di daanu. Mu ngi mel ne jant bi dafa gën a jege. Waa dëkk bépp a ngi **jàm-bat** tàngoore wi.

Ci ngoonug tey, la waajuri xale yi di leen wax lu ñu dogal ci tukkib Ndakaaru bi. Boroom kër gi ne **soxnaam** : « Faatu, bu nu **dalloo** tuuti nu waxtaan ci bataaxalu xale yi. » Soxna si tontu ko ne : « Nijaay ! yaakaar naa ne fàww nu wax ak xale yi ndax ñu xam lu ñuy tontu seen nattàngoo ya. »

Yaay Faatu moom dafa **ñeewantal** xale yi lool. Dafa xaw a ragal Ndakaaru ndax li ñuy faral di dég ci xibaar yi. Liy xalaatam mooy ñu xaar ba ca kanam soog a dem dëkk bu mag ba.

Baay Ablaay dalal xelam ne ko xam na wayjuri ñoom Misel te wóolu na leen. Leer na ko ne dinañu sàmm xale yi ba li mu ragal du ci am.



Ba boroom kër gi diisoo ak soxnaam ba noppi, ñu déggoo ci ab dogal. Xale yi dinañu dem waaye duñu fa def **diiru** bër gépp.

Ba tàkkusaan jotee ba mu julli ba noppi, Baay Ablaay woo xale ya ca néegam. Duudu moom daanaka mënatul taxaw ndax ragal ñu tere leen. Nogay a ngay xool baay ba **bëti yërëmtalu** ndax mu bàyyi leen. Baay Ablaay xamal leen ne moom ak seen yaay nangu nañu bàyyi leen ñu ganeji ñoom Eduwaar. Ba dogal ba daanoo rekk xale ya tēb lēngoo, jox loxo seen baay, sant ko. Ca noona, ñu daw wuti seen yaay ne **këlēb** ci kawam di woy : « Ndakaaru, yaay bóoy, Ndakaaru ! » Seen yaay ne leen nañu door seen waajtaay. War nañoo tàggoo ak mbokk yi te wut ay **yóbbal**. Seen tànta Nafi mën na leen a xelal ci li ñu war a jënd lépp. Luuma Sàkkal bi gannaaw ëllëg la.



Ca ëllëg sa, xale yi bind seen tontu, dem ca postu Sàkkal ba ngir yónnee bataaxal ba.

Màkkaanu post ba bërëb bu yaatu la te rafet. Tabax bu bees la, ñu pentur ko pentur ko bu weex. Ca kanam, ab àlluwa ju mag a nga fa ñu bind ca turu **màkkaan** mi. Ba xale yi duggee ca biir, ñu gis ay góor ak i jigeen yu ranj ci kanamu **kontuwaar** yi. Ñii seen bataaxal lañuy yóbbantesi, ña ca des di jël màndaa walla ñuy yóbbante ay bagaas. Xale yi laajte ba ñu won leen fi ñu war a dem. Ba ñu ranjee ba yegg, ñu jënd tembar, taf ko ca àmbalon ba. Ba ñu noppee, ñu dem ca kees ga ñuy dugal leetar yi **sërëxal** ko ca. Yaakaar nañu ne seen xarit ya dinañu ca jot fii ak ñaari fan.

Bi xale yi dellusee Yaman Sekk, ba ñuy wàcc ca oto ba ñu séen seen xarit yi. Saada ak Binta laaj leen fu ñu jóge. Ñu wax leen xibaar bi, tàgguwaale leen.



Tay ci dibeer ji, yaay Faatu dafa **yabal** xale yi ñu dem tàggooji. Wax na leen ñu dem ca seen bàjjan Aram, seen tànta Nafi ak seen nijaay Saakura.

Këru ku nekk ci ñi leen seen yaay **tegtal** dem nañu fa yëgle fa tukki bi. Fépp fu ñu dem, ñaanal nañu leen, jox leen yóbbal. Seen nijaay Saakura ñaari **séq** la leen may. Seen bàjjan ak seen tànta may leen xalis. Seen tànta Nafi waxtaan na ak ñoom ci Ndakaaru, **soññ** leen te **artu** leen. Digal na leen ñu am yar ak teggin ca kër ga ñu jëm. Jox na leen dig-daje àllarba ngir ñu ànd ca luuma Sàkkal ba. Foofa, dinañu fa mën a am ay yére, ay saag ak i dàll yu baax. Dinañu mën a it mottali seen i yóbbal.

Nafi, seen rakku yaay, nit ku baax la te xam àdduna.



Àllarba la **luuma** Sàkkal di am. Fajar la tànta Nafi jëlsi xale yi ngir kaar ba fay dem bañ leen rëcc.

Ba ñuy egsi Sàkkal fekk nañu luuma ba tàmbalee bari nit. Jëndkat yaa ngi dem ak a dikk. Jaaykat yaa ngi woy ak a taasu ngir **wootal** jëndkat yi. Luuma bi xumb na lool, coow li nee na kurr. Fu nekk la nit ñi di jóge ci gox yi wër Sàkkal. Xeeti njaay yu nekk am na fi : ay **meññeef**, ay jur, ay piis ak i yére, ay jumptukaay, añs.

Naka la Nafi ak jarbaatam yi egsi, ñu séen as ndaw suy jaay ay yére. Ndaw saa ngay tàccu, di woy, di kañ **mucc-ayibu** njaayam ma.

Nafi nuyoo ak moom ba noppi joxoñ ko ay yérey góor ak yu jigeen yu mu wékk. Ba leen ko ndaw si joxee, ñu tàmbalee waxaale. Ba ñu juboo, daanaka xale yi am nañu lépp lañu doon wut ci ay yére.



Nogay ñaari robb la am. Benn robb bi dafa bulo am ay rëdd-rëdd yu weex. Beneen ba dafa xonq am ay **tupp-tupp** yu weex. Duudu moom ñaari simis ak ñaari pantalon ak ab **piloweer** la ko tàntaam jëndal. Simis yi ak pantalon ya ànd nañu te yem kepp ci Duudu. Piloweer baa ko xaw a ëpp tuuti.

Dàll yi ak saagu xale yi, Nafee ngi leen jënde ci Saada. Ab xale bu góor la bu gàtt, njaxlaf te saf xorom. Moom ak Nafi xamante nañu bu yàgg. Ñoo jàngandoo ekool, waaye ngoor si am njaay rekk la mus a bëgg. Ginnaaw ba ñu **saafontee**, fàttaliku lu bari, Nafi tànnal xale yi ay dàll ak i saag yu mucc ayib. **Waxaale** ba yàggul ndax kóllare gi nekk ci diggante ñaari nattàngoo yi.



Ba ñu ñibbisee Yaman, Nafi won Yaay Faatu lañu jënd. Ba mu ko waxee lañu ko jënde, mu yéemooti ci rakkam ji ni mu mënee waxaale.

Leegi, daanaka lépp **yemb** na. Desatul lu dul Nogay léttu te Duudu watu. Nabu, benn xaritu Nafi moo war a létt Nogay. Duudu moom ca Sidaat, watkan ba lay dem. Yaay jaa ngi koy **artu** naan ko bumu watu seen wateef yu doo waar yooyu ; na lépp maase.

Fóotoon nañu seen yére yi ba paase leen. Yaay Faatu defaral na leen **mbuuraake** ak ay beñe dugub.

Ganaar ak naat yi ñuy yóbbaaale la Baay Ablaay tëj ca kaaf ga di leen **xont**.

Nafi jëndal na leen tiket ci oreeru Sàkkal-Dakaar bi. Kaar bi juroom-ñaari waxtu ci suba lay egsi Sàkkal.



Tey ci **gaawu** bi la xale yi di dem Dakaar. Seen tànta Nafi moo leen di yóbbu. Oreer bi juroom-ñetti waxtu lay bàyyikoo Sàkkal. Suba teel la xale yi jóg def seen i waajtaay. Ba kaar bay egisi fekk na leen ñu taxaw ak seen tànta ca gaaraas ba.

Soo leen gisee daanaka doo leen xàmme. Nogay robbam bu xonq ba ñu ko jëndal ca luuma ba la sol. Ma nga léttu létt yu rafet yu ñu nas ay per yuy **lerax-leraxi**. Dàllam yu ñuul yi rafet nañu te ànd ak la mu sol.

Duudu moom yére ya mu tabaskee woon la sol.

Xaftaan la ak tubayu mbaseñ bu weex. Baatu xaftaan ba dañu koo **daamina** ak wëñ gu doore. Maraakiis ya ko Baay Ablaay jëndaloon ca Naar Mbow la sol.



Ba àpparanti ya yabee bagaasi xale yi ba noppi, Baay Ablaay ñaanal leen ñu tàggo ak seen yaay. Naka ñu dugg ak seen tànta ba toog rekk, kaar ba jël deppaar wutali Dakaar.

Yaay Faatu taxaw na fa ab diir di xool ba kaar ba jàll wiiraas ba. Fi mu nekk moom, xale yi gisuñu lu dul Dakaar. Seen tàntaa ngi leen di **gaaral** turi dëkk yi ñuy romb ak yenn bërëb yu siiw yi. Duudoo ngi xool garab yiy **toflantoo** mel ne ñuy dàqante. Lu oto biy gën a daw ñuy gën a sori Yaman, seen xol tàmbalee tooy. Nogay sax jot naa tuuri rangooñ waaye fexe na ba kenn gisu ko. Duudoo ngi won tàntaam ag **gàddu golo** guy **jiiroo** ay doomi xaal. Ba oto bi dawaatee tuuti, Nogay tàmbalee nelaw. Duudu moom, lu ñu romb lu mu xamul mu laaj ko tànta ji. Jànggeegum na lu bari ci tukki bi.



Ba ñuy egsi Jamñaajo la Nogay yeewu, mel ne kuy gént. Taax yu bees yi, poŋ yi ak oto yu bari yi **ëlëm** nañu ko. Mu ne gees xool tàntaam kooka muuñ, tàmbalikoo **gindi**.

Lu ñuy gën a jege kàppitaal bi, xale yi gën a yéemu. **Bir** na leen ne dinañu am lu ñu nettali bu ñu delloo Yaman.


Ba ñuy duggsi gaaraasu Bóo Marese, Duudu séen Eduwaar ak pàppaam ñu taxaw ci bunt bi.

Waxoon nañu Baay Ablaay ne dinañu leen jëlsi. Laata ñuy egsi, woo nañu seen tànta lu mat juroomi yoon.

Ba ñu wàccee ca kaar ba, Eduwaar ak pàppaam fekksi leen, ñu saafoonte, wutali buntu gaaraas ba.

Ba ñu génnee, ñu dugal багаас yi daldi yéeg ci otob pàppaay Eduwaar, **dëgmal** Mermoos.

Ci yoon wi ñu jaar, xale yi gën nañoo yémooti ci Dakaar.



Ba oto ba dawee tuuti, ñu egsi Mermoos, kër ñoom Eduwaar.

Xale yi yéemu nañu ci rafetaayu kër gi. Am **taax** mu weex la mu yaa te am jëmm.

Ca bunt ba jëmbat nañu fa ay garabi koko yu ndaw ak ay fuloor yu bari. Ba ñuy dugg ca kër ga Misel ak yaayam **gatandu** leen dalal leen jàmm. Medoor, xaj ba, tàmbalee baw, Eduwaar wax ak moom mu noppi, **dëju** di xool gan ñi.

Am sekoo nga ca kaafam di **sab** mel ne kuy dalal gan ñi. Ba ñu duggee ca saal ba xale yi gënati yéemu ci taaru kër gi. Ay fótëey ak i taabal yu rafet a ngi ñu teg ci biir. Miir yi dañu leen a taarale ay nataal yu rafet. Ca seen ndeyjoor, ab tele bu rëy a nga fa, dend ak lu mel ni déglukaayu misig.

Ba xale yi dalloo ba noppi, ñu dalal leen ku ci nekk ci néegam.

Laaj yi

- 1 Fu Duudu ak Nogay war a dem ak lu tax ñu fay dem ?
- 2 Ndax Baay Ablaay rekk a jël dogal bi ? Luy firndeel sa tontu ?
- 3 Lu tax Yaay Faatu boole xale yi ak seen tànta Nafi ?
- 4 Noo gisee li Yaay Faatu digal xale yi, ne leen ñu tàgguji seen mbokk yi ? Leeralal sa tontu.

Waame wi



Waame wi



Tay ekool bi dafa bër. Xale yaa ngi ci pénc mi di futbol ak a dóor dàqe. Nees tuut, asamaan si lëndëm, ñuul kukk, ngelaw lu rëy jóg di **fal-fali** muur dëkk bi ak pënd. Picc yépp **fëx** wuti seen i tàgg. Ngelaw laa ngi baaje garab yi di fàq seen i bànqaas, di tasaare seen i xob. Malay kër yépp a ngay yuuxu, di daw wuti fu ñu seeloo. Jigeen ñi bàyyeekoo ca luumab Nduloo ngiy doog a wàcce ca oto ba leen yóbbu woon. Ku nekk ci ñoom a ngay baral ay jéegoom ngir mën a mucc ci ndoxum taw mi. Ngelaw li gëlëmal na juri géttu Yoro gi ; moo ngay daw fu ne ngir dajalewaat leen. Dënnu yaa ngi yëngu mel ne gaynde guy **ñar**, ànd ak melax yu tar te raglu. Daanaka nit desatul ci mbedd yi, ñépp a ngi fatu ci kër yi.



Ba ngelaw la melee ni luy wàññiku, toqi ndox yu jëkk yi tàmbalee putt-putti. Nees tuut, taw bi **sóob**, gën a **tar**. Yàggul dara, mbedd yi fees ak ndox muy wal-wali. Sàmba ak **gàngooram** fexe nañu ba rëcce seen i kër. Ñoo ngay pacax-pacaxi ci taataa yi. Ñoo ngi mel ne ay golo yu ndaw, di sèpp-jalañ ak di bërëñu ci ban bi. Am na ñu ci mënatul a sax xàmme seen i moroom. Am na ñu ci am ay kanam yu raglu ne Birima. Satu, **cobraanu** Njëlbeen gi, nee na kenn du ko ko yóbbul. Ma nga mel ne benn ñebbe cib cin. Kamisol ak sër bu mboq ba mu soloon a nga taq ripp ak ban.



Ba Bàjjan Wuli yëgee ni Sàmba nekkul ci néegu xale yi, mu jël parasoolam waaxu, wuti **pénc** ma.

Naka mu séen xale ya rekk yuuxu leen : « Lii tere naa leen ko ay yoon i yoon. Taa-taa yi ndox yi lu nee ci nekk. Mën ngeen ci jële ay feebar yu nekk. **Dakkal** leen seen po mi te jaar nii ñibbi ! Satu yaw, bu nu yeggee kër ga dinga xam ! »

Ba mu déggee li yaayam wax, Satu **bënn bët** ya, yenu loxo ya, tàmbalee jooy. Lii lépp sob a ko ko yóbbe. Bés ni ki tey **dogu** na ne dootul teggi waxi waajuram.



Ba mu sóobee lu mat waxtu ak genn-wàll, taw bi tàmbalee wàññee ku, di wis-wisal. Picc yi ak ganaar yi di **pët-pëti** ngir dindi ndox mi nekk ci seen i dunq. Ñoo ngay sab di wootante. Ngelaw su ndaw te sedd a ngi ëpp. **Péex** mi tàmbali na.

Ñépp a ngi yëg ni tàngoore wu **tar** wa toxu na.

Li ciy ñuul rekk mooy ne ngelaw li ak ndox mi yàq nañu lu bari ci dëkk bi. Genn wàllu màrse bépp a fees ak ndox. Ca wàll woowu la jaaykatu jën yi daan tooge. Seen njiit Soxna Ndiir, nee na dañuy toxaal palaas bi ba sàppëer pompiyee yi mànq ndox mi ba noppi.

Waa dëkk bi yépp nee nañu dinañu leen jàppale ci toxu bi.



Sàppëer yi suba **cuuy** lañu egsi ci dëkk bi. Ñaari kamiyoŋ-sitern lañu indi ngir màŋq ndox mi.

Ràññee nañu ci ñoom ñaari jigeen. Kenn ka dafa ñuul am taxawaay te xaw a am yaram. Keneen ki dafa xeereer, sew te bët ya xaw a rëy. Dafa mel ne mooy kilifa gi, ndax buy wax yeneen sàppëer yépp a ko naan: « Wëy seef ! »

Bi ñu **tëmbalee** raakool ya ca biir ndox ma, ñu taal, pomp ya tàmbalee màŋq ndox ma. Foo toll di dégg riiru pomp ya. Nees tuut rekk nu gis ndox miy wàññiku. Boroom dëkk bi xool Soxna Ndiir, mu muuñ ne ko : « Jërëjëf ! »

Ba ndox mépp jeexee, Njiitu sàppëer yi jox boroom dëkk bi aw kayit, tàllal ko ab bindukaay. Boroom dëkk bi **siife** kayit gi, gërëm leen, ñu taal seen i woto **dëgmal** àll ba.

Sàppëer pompiyee yi ñu jar a sargal lañu.



Yàq-yàqi taw bi yemul ci màrse bi rekk. Sàkketi këru Baay Moor Xulle yépp a daanu.

Baay Moor **way-laago** la. Ci aksidan bu mu defoon la ñàkke woon benn tànkam. Ku nangu **dogal** la te jàmbaare. Laagoom terewu koo dem tool ak toppatoo waa këram ak ay **juram**.

Moom donj ak soxnaam ñoo dëkk. Jenn doomam ju jigeen jaa ngay jàngé iniwersite, jeneen ju góor ja dafa solu soldaar daaw.

Xaley dëkk bi yépp a **taxaw temm** ci jàppale ko.

Njël lañu jóg, te laata yoor-yoor di jot, sampaat nañu xer yépp, takkaat sàkket yi. Soxnas Baay Moor mi bokkoon ci liggeey bi jox leen ndékki laax bu neex ak kenkelibaa. Baay Mor gërëm leen, ñaanal leen, ñu dellu seen i kër.



Keneen ki taw bi indil fitna mooy Yoro mi sëllam wa des ca àll ba ba leegi.

Sëll wa ñuy woowee Jarga amagul juroom-ñetti weer. Moo gën a rafet ci nag yu ndaw yépp. Dafa suur, rafet, der ba weex tàll def ay tupp-tupp yu ñuul. Raki, doomu Yoro ju ndaw ji, Jarga rekk la bëgg. Nanguwul sax a añ. Nee na fàww xaritam bi ñëw. Yoro mënul woon seeti Jarga ndax taw bu metti. Ba taw bi séwetee la wutali àll ba ànd ak Siley rakkam. Bu nag wi fanaanee àll rekk, bukki yi reere ko. Lu ñuy sori ca àll ba rekk, xelu Siley di gën a ñaaw.

Ag golo gu ndaw a ngay njoowaanu ca ab bàñqaasu garabu new. Ba ko sàmm bi ak rakkam rombee, saay-saay bi sànni leen xooxu new ba mu doon lekk. Siley waññiku wuti ko rekk golo ga ne layy, ne fes. Yoro ne Siley nu baral seen i tànk ndax leegi jant bi so.



Leegi Yoro ak rakk ja yegsi nañu ca wetu **déeg** bu mag ba. Kenn mēnu faa dégg ndax yuuxu mbott ya. Ag **till** a nga ca geneen wet ga di naan. Naka la ñoom Yoro yegsi fa muy naane rekk, mu daw wuti biir àll ba. Siley ne Yoro ñu dem seet Jarga ca fa **barax** ba nekk. Dafa xalaat ne Jarga mēn naa tëdd ca biir te kenn du ko gis. Nees tuut portaabalu Yoro sab, mu wuyu jot soxnaam Raamata. Ndaw si ne ko : « Jaratul nuy wër, Jarga feeñ na, ma nga ca kër Saaliwu Seen ñu yeew. Saaliwu nee na sēll wi dafa duggoon ca **tóokooram**. »

Ca noonu, ñoom Yoro waññiku wuti kër Saaliwu. Ba ñu egsee, ñoo nga fekk Jarga yeewe ca màngo ga ca diggu kër ga. Naka mu gis boroomam, mu tàmbalee **fippu** mel ni ku bëgg a dagg buum ga ñu ko yeewe.



Ba leen Saaliwu dalalee, ñu **jàmmasante** ak moom ab diir. Kër Saaliwu gi yaatu na te bari ay garab. Am na ñaar i tabax yu jàkkaarloo. Garabu màngo gu rëy a nekk ca diggu kër ga. Laata ñuy tàmbali, Saaliwu woo Diboor soxnaam ndax mu fekke waxtaan wi. Ci wax ju teey te rafet, Saaliwu xamal leen la nag wi yàq ca tóokooram ba. Dafa bëtt **ñag** ba, lekk màngo yu ndaw ya mu fa jëmbatoon, **nappaaje** ya ca des. Mu teg ca ne leen mala xamul dara, boroomam a ko war a **wattu** ba du lor jàmbur. Ba mu noppee, Diboor jël kàddu wax ca wax ju rafet. Yoro jël kàddu rafetlu lool ni leen Saaliwu ak jabaram dalalee ak ni ñu waxe. Ginnaaw loolu, mu baalu Saaliwu, xamal ko ne xam na ne moo ko tooñ. Waaye mën na koo waatal ne xamul nu Jarga def ba des gannaaw bi ñuy ñibbisi.

Ba ñu baalantee àq, ñaan, Saaliwu delloo Jarga Yoro mu dàq ko wuti kër ga.



Xew-xew yi ànd ak waame wi wone nañu lu bari ci dëkku Kër Fari.

Dëkk bi seereer yi ñoo ko **sanc**. Am na lu tolloo ak téemeeri at. Fari Seen moo ko sanc laata Fari Sow di ko fekksi ak njabootam. Ñu dëkk dëkkin wu rafet. Ñaari kër yooyu ñoo **meññ** juroom-ñaar-fukki kër yi nekk ci dëkk bi tey.

Jàppalante ak bennoo bi nekk ci dëkk bi, feeñ na ci anam yu bari. Ba jaaykati jën yay toxu, wéetuñu ca. Ba Baay Moor di sampaat sàkketam ya, **waxambaaney** dëkk ba jàppale nañu ko ba mu bég lool. Li am ci diggante Yoro ak Saaliwu ci jàmm rekk la mujj.

Nekkin wu rafet, jàmmoo ju sax, déggoo ak jàppalante gi am ci kër Fari mooy **kiiraayu** dëkk bi.

Laaj yi

- 1 Lu xew ca Kër Fari ?
- 2 Ñan la xew-xew bi gën a sonal ?
- 3 Lu tax sàppëer yi bi ñu noppee ñu jubal àll ba ?
- 4 Loo jàngé ci jukki yi, ci lu jëm ci ni ay nit war a dëkke ?